



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSEPTASYON SÈTIFIKA VAKSINASYON
KANADYEN YO POU ANTRE POU BIZNIS NAN ETA NEW YORK**

Li reprezante premye echanj referans ant Eta New York ak yon antite ki pa nan Etazini

Sètifika vaksen kont COVID-19 ke sèt pwovens/teritwa kanadyen bay kapab valide atravè aplikasyon pou eskane Kat Excelsior Eta a

Yo te rekipere plis pase 6.6 milyon Kat Excelsior, gen ladan plis pase 1 milyon Kat Excelsior Plus jiska prezan

Yo fè mizajou nan Kat Excelsior Plus la kounye a pou ajoute dòz piki rapèl oswa siplemantè Nouyòkè yo

Nouyòkè ki elijib yo kapab rekipere Kat Excelsior Plus yo a [isit la](#)

Òganizasyon ak biznis yo nan tout nasyon an kapab telechaje aplikasyon Kat Excelsior pou eskane a gratis [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo ap aksepte sètifika dijital vaksinasyon COVID-19 ke pwovens ak teritwa kanadyen yo bay epi ki repon ak espesifikasyon [Kat SMART Health yo](#) will immediately atravè aplikasyon pou eskane Kat Excelsior Eta a. Apre re-ouvèti fwontyè Etazini ak Kanada a, sa vle di kanadyen ki konplètman vaksinen kapab itilize sètifika vaksinasyon ki konpatib yo a pou antre pou biznis nan New York. Jiska 9 novanm, sèt pwovens ak teritwa nan Kanada bay sètifika vaksen ki reponn ak krtiè Eta a. Sa gen ladan Québec, Manitoba, Yukon, Saskatchewan, Nova Scotia, Teritwa Rejyon Nòdwès yo, Tènèv, ak Labrador. Yo prevwa ajoute lòt pwovens ak teritwa kanadyen epi yo pral anonse yo avan lontan.

"Eta New York fyè pou li travay avèk vwazen kanadyen nou yo pou asire konpatibilite avèk aplikasyon pou eskane Kat Excelsior nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk fwontyè a ki re-ouvri, patenarya enpòtan sa a pral akselere retou biznis, komès, ak aktivite devlopman ekonomik enpòtan. Nouvèl enpòtan sa a pou sitèlman anpil kanadyen—ak biznis New York ak kòporasyon ki bay moun travay epi ki rete prepare pou akeyi yo—ki kapab fè sa kounye a an tout sekirite. Akòz inovasyon

konstan nan platfòm Kat Excelsior a, Eta New York kontinye bati zouti ki reponn ak bezwen jodi a epitou ak bezwen kwasan demen yo pou moun ansanm ak biznis yo".

Jan Gouvènè Hochul [te anonse](#) sa a nan dat 5 oktòb la, yo te fè mizajou nan aplikasyon Kat Excelsior Eta New York la pou pèmèt validasyon lòt kat ki reponn ak nòm Eta a [pou bay kat yo](#). Nòm sa yo gen ladan definisyon konplètman vaksinen baze sou direktiv sante piblik federal ak Eta a, ki gen ladan vaksen kont COVID-19 ke CDC a ak OMS te apwouve. Lè nou fè avanse akseptasyon sètifika vaksinasyon yo avèk antite ki pa nan Etazini yo, rezidan kanadyen yo ki te resevwa vaksen kont COVID-19 AstraZeneca/Oxford la epi ki gen yon sètifika ki konpatib pral kapab itilize sètifika dijital yo a nan tout Eta a.

Khawar Nasim, Konsil jeneral Kanada nan New York, te deklare, "Pandan konpatiyòt kanadyen mwen yo ap retounen New York pou vizite anpil atraksyon li yo, rekonekte avèk fanmi ak zanmi yo, epi ankouraje lyen biznis nou yo, mwen kontan anpil epi mwen rekonesan dèske yo pral aksepte sètifika vaksen ki soti nan pwovens ak teritwa yo lè yo itilize aparèy pou eskane Kat Excelsior a."

Martine Hébert, Delege jeneral Québec nan New York, te deklare, "Nou kontan anpil dèske anpil diskisyon ant Gouvènman Québec ak Eta New York te mennen nan yon kolaborasyon ki gen siksè ki pèmèt VaxiCode Québec la aksepte nan Kat Excelsior a, epi visvèsa. Sa se yon lòt gwo egzanp nan bon jan relasyon ant Québec-Kanda ak New York, epi nou angaje pou nou kontinye travay pou ranfòse lyen solik ak pwospè nou yo".

Jiska prezan, yo te reyalize plis pase 163,000 telechajman aplikasyon pou eskane Kat Excelsior a - sa ki reprezante entegrasyon atravè plizyè milye biznis New York ki kontinye pwofite Kat Excelsior a pou verifye fasilman epi yon fason orijinal estati vaksinasyon yon moun. Ekspansyon kapasite aplikasyon pou eskane a ede biznis yo aksepte plis kliyan ki pa soti nan Eta New York. Apre anons jodi a, anplis de sèt pwovens ak teritwa kanadyen, sa gen ladan Kat ke lòt Eta nan Etazini bay, tankou California, Colorado, Delaware, Louisiana, Virginia, ak Eta Washington.

Eta New York te premye nan nasyon an ki te lanse yon prèv vaksinasyon kont COVID-19 ak sistèm sètifika pou rezilta negatif nan mwa mas 2021. Jiskadat, yo deja bay plis pase 6.6 milyon Kat Excelsior, gen ladan plis pase yon milyon Kat Excelsior *Plus*. Nan kad mizajou jodi a, Nouyòkè ki te resevwa dòz piki rapèl oswa siplemantè kont COVID-19 yo a kapab rekipere kounye a yon Kat Vaksinasyon Excelsior *Plus* yo a—ki, antanke yon sekirize nan dosye vaksen yon moun—pa ekspire. Nouyòkè ki te resevwa avan sa Kat Vaksinasyon Excelsior Pass *Plus* la kapab senpleman vizite epass.ny.gov nenpòt lè pou rekipere nouvo Kat *Plus* yo a. Moun kapab genyen tout Kat yo elijib pou yo.

Pandan Eta a kontinye ap fè evolye ak etann achitekti solisyon Kat Excelsior a pou reponn ak bezwen Nouyòkè ak biznis yo, nou ap ofri plis sipò bay lòt Eta ak antite yo pou akselere devlopman solisyon ki kapab mache nan plizyè sistèm. Nan dat 27 oktòb

la, Gouvènè Hochul [te anonse](#) disponibilite [Pwogram Kat Excelsior Eta New York la](#) - ki se premye estrikti pou asiste lòt Eta ak gouvènman yo nan devlopman sètifika sante nimerik, baze sou platfòm Kat Excelsior a. Apre piblikasyon Pwogram lan, Eta New York pral òganize yon seri evènman vityèl ak seminè anliy pou bay moun ki enterese yo resous anplis ak sipò teknik.

Nou ankouraje Nouyòkè ki enterese nan yon Kat ki kapab sèvi lòt kote ki pa Eta New York ak/oswa ki gen ladan dòz piki rapèl oswa siplemantè yo a pou yo rekipere Kat Vaksinasyon Excelsior *Plus yo a* [isit la](#).

Òganizasyon ak biznis yo ka aprann plis sou [aplikasyon Eskanè Pass Excelsior](#) a—gratis pou tout biznis nan tout peyi a epi li disponib nan plis pase dis lang—ak kad [Emetè ki fyab](#) Eta New York la [isit la](#). Pou telechaje Pwogram Kat Excelsior Eta New York la, vizite lyen an [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)